



Pou Piblikasyon Imedya: 10/05/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

KONT TENI ESKALAD TANSYON NAN ZÒN NÒ FWONTYÈ IZRAYÈL LA AK ATAK YÈSWA YO, GOUVÈNÈ CUOMO AP ANONSE LI GEN PLAN POU L FÈ YON VWAYAJ SEKIRITE AK SOLIDARITE AL IZRAYÈL

Li te fè Anons lan Pandan Dine Konsèy Kominotè Jwif New York la Yèswa

Gouvènè Cuomo: “Mwen kwè nou montre vrè amitye pa sèlman nan moman fasil yo, men nan moman difisil yo tou. An 2002, lè kamikaz yo t ap atake bis Izrayelit yo epi tout moun te kite peyi a, pa te gen okenn touris, pa te gen okenn vizitè, mwen te mennen yon delegasyon New York pou nou ale Izrayèl kòm yon siy solidarite. An 2014, jan Charlie te di a, lè Hamas te bonbade Izrayèl la, nou te ekri yon lèt sipò, Premye Minis lan te envite nou rasanble yon delegasyon pou nou vizite yo epi nou te alatèt yon delegasyon bipati.

Se moman sa yo ki disoud gri pou vin nwa ak blan yo epi yo mande nou chak endividyèlman, ki kote nou kanpe epi ak kiyès n ap mache? Repons mwen an senp. Toutotan mwen Gouvènè New York, eta sa a kanpe 100 pousan ak Izrayèl epi nou fyè”.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)